



PANITIA MASA PENERIMAAN ANGGOTA BARU (MAPABA) RAYON V
PERGERAKAN MAHASISWA ISLAM INDONESIA
(*Indonesian Moslem Student Movement*)
RAYON BAMBOOSA SP
Alamat : Pending Lor RT 02 RW 11, Pancuranmas, Kec. Secang, Kabupaten
Magelang, Jawa Tengah
Email : rayonbamboosasp@gmail.com Tlp. 085866214989 (Ahsan)

Nyembelih Hawa Nafsu, Nggayuh Taqwa

Khutbah I

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ

الله أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ رَحْمَةُ اللَّهِ أَكْبَرُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ، وَمَنْ يُضْلِلْ

فَلَا هَادِي لَهُ، وَأَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى النَّبِيِّ الْمُصْطَفَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَهْلِ الصِّدْقِ وَالْوَقَاءِ، أَمَّا بَعْدُ

فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِي نَفْسِي وَإِيَّاكُمْ بِتَقْوِيَ اللَّهِ وَطَاعَتِهِ، فَمَنْ اتَّبَعَ الْهُدَى وَأَنْقَى فَقَدْ أَفْلَحَ وَفَازَ، إِنَّ اللَّهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيعَادَ. وَقَالَ تَعَالَى:

إِنَّ لِلنَّاسِ مَفَارِقًا، حَدَائِقًا وَأَعْنَابًا

Puji lan syukur kita panjataken wonten ngarsa Gusti Allaah *Subhaanahu wa Ta'aalsa* atas sedaya kanugerahan ingkang boten bakal saget kapetang, sahe arupi kanikmatan ngkang lahir tuwin kenikmatan batin utaminipun kanugerahan Iman lan Islam ingkang dados nuur pitedah gesang kita.

Welas Asih Pengagungan lan Keselametan saking ngarsa Gusti Allaah tansah kaparingaken dateng junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad *shallallsahu 'alaihi wa sallam*, para keluarga lan para shahabatipun ingkang pinilih minangka tulada ngelampahi Agami Islam.

Jama'ah Shalat Idul Adha *rahimakumuLlaah...*

Mangga kita sareng-sareng tansah ningkataken taqwa kita dumateng Gusti Allaah *Subhaanahu wa Ta'alaa* kanti estu-estu anggenipun ngelaksanaaken sedaya dawuhipun lan nebihi sedaya awisanipun. Namung Taqwa kita dateng Gusti Allaah ingkang saget dados sangu gesang ing akhirat benjang. Namung kanti Taqwa menika kita pikantuk kawilujengan ing dunya lan akhirat.

Ma'asyiral muslimin wal muslimat hafidzakumullah...

Dinten menika dinten Jum'at. Dinten menika inggih dinten Riyaya Idul Adha ingkang ugi kawastanan Riyaya Qurban, dinten ingkang agung, dinten kangge mrenguti peristiwa ageng Nabi Ibrahim lan ingkang Putra Nabi Ismail *alaihimas salaam*.

Kados riwayat ingkang masyhur bilih puncak saking peristiwa menika inggih Nabi Ismail *alaihis salaam* kersa lan pasrah dipun sembelih dening ramanipun, Nabi Ibrahim *alaihisa salaam* kados dawuhipun Gusti Allaah dateng Nabi Ibrahim.

Nabi Ibrahim lan Nabi Ismail *alaihimas salaam* wantun, kersa lan ridha ngelaksanaaken perintahipun Gusti Allaah menika inggih namung keranten Taqwa dateng Gusti Allaah *Subhaanahu wa Ta'alaa*, boten keranten sanesipun. Taqwa ngkang wonten ing manah



PANITIA MASA PENERIMAAN ANGGOTA BARU (MAPABA) RAYON V
PERGERAKAN MAHASISWA ISLAM INDONESIA
(*Indonesian Moslem Student Movement*)
RAYON BAMBOOSA SP
Alamat : Pending Lor RT 02 RW 11, Pancuranmas, Kec. Secang, Kabupaten
Magelang, Jawa Tengah
Email : rayonbamboosasp@gmail.com Tlp. 085866214989 (Ahsan)

Panjenenganipun kekalih waget nguwasani lan ngalahaken sedaya perkawis dunya ingkang tansah narik dateng kepinginan utawi hawa nefsunipun Nabi Ibrahim lan Nabi Ismail minangka manungsa limrah.

Manungsa dados makhluk ingkang paling sempurna tinimbang makhluk sanesipun, boten namung saking arah raganipun nanging ugi saking arah bilih manungsa kanugerahan akal lan nafsu utawi kepinginan.

Mila, menawi manungsa ingkang tansah ngutamaaken Taqwa lan waget istiqamah, jelek lan estu-estu ngelaksanaaken perintah-perintahipun Gusti Allaah *Subhaanahu wa Ta'alaa*, piyambakipun waget estu-estu dados makhluk ingkang derajatipun mulya ngungkuli malaikat.

Kosokwangslipun, menawi manungsa menika kawon kalian hawa nefsunipun hingga tebih saking tha'at lan asring ngelampahi dosa utawi maksiat, piyambakipun dados manungsa awon, asor lan ina; derajatipun langkung asor lan ina tinimbang iblis. *Na'uudzi biLlaah min dzaalik...*

Jama'ah Shalat Iedul Adha rahimakumuLlaah...

Saklajengipun, kados pundi lan menapa ingkang kita pilih; bade nuruti manah taqwa ingkang leres lan sahe ingkang ngajak dateng tha'at kanti nuur Iman lan Islam ingkang ndumugeaken dateng selamet, beja lan mulya dunya akhirat utawi bade nuruti hawa nafsu ingkang lepat lan awon ingkang ngajak dateng maksiat lan njerumusaken dateng kasengsaran lan kapitunan dunya akhirat.

Kita sampun mangertosi napa lan pundi ingkang kedah kita utamaaken. Namung kemawon kita tasih asring kesasar; langkung asring nuruti utawi kebujuk dening hawa nafsu tinimbang nuruti manah ingkang taqwa ingkang ngajak dateng tha'at.

Imam al-Bushiri ing Qasidah al-Burdah ngendikaaken:

وَالنَّفْسُ كَالطَّفْلِ إِنْ تُهْمِلُهُ شَبَّ عَلَى ۩ حُبُّ الرَّضَاعِ وَإِنْ تَقْطِمْهُ يَنْقُطِمُ

Artosipun: “Nafsu kaya dene bayi, yen sira jarke, arep tetep seneng nyusu. Yen sira sapih, arep bisa gelem leren nyusu.”

Bayi kedah dipun latih lan dipun biasaaken supados waget dipun sapih hingga boten nyusu ngantos langkung umur kalih tahun.

Hawa nefsuh ugi mekaten, ibarat bayi utawi lare alit, kedah dipun latih lan dipun biasaaken supados boten sakkarepipun piyambak lan supados boten nerak aturan, langkung-langkung aturan agami Islam utawi syariat.

Hal menika penting sanget kita terapaken ing sedaya perkawis langkung-langkung babagan dunya utawi kadunyan. Ing antawisipun perkawis dunya inggih anak. Boten sekedik tiyang



PANITIA MASA PENERIMAAN ANGGOTA BARU (MAPABA) RAYON V
PERGERAKAN MAHASISWA ISLAM INDONESIA
(*Indonesian Moslem Student Movement*)
RAYON BAMBOOSA SP
Alamat : Pending Lor RT 02 RW 11, Pancuranmas, Kec. Secang, Kabupaten
Magelang, Jawa Tengah
Email : rayonbamboosasp@gmail.com Tlp. 085866214989 (Ahsan)

ingkang sama mbanggaaken anak ing babagan dunyanipun; pinter nyambut damel, sugih bandha, pangkat inggil, saktersipun ananging babagan agami kirang utawi boten dipun gatosaken. Hal menika sampun dipun wanti-wanti Al-Qur'an ing Surah AlHadid ayat 20:

اعْلَمُوا أَنَّمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا لَعْبٌ وَلَهُوَ وَزِينَةٌ وَتَقْرَبُونَ بَيْنَكُمْ وَتَكَاثُرٌ فِي الْأَمْوَالِ وَالْأُولَادِ

Artosipun: "Ngertiha seliramu kabeh yen anging pestine urip dunya iku mung dolanan, guyon, lan hiasan, lan sing sapa wonge ing antarane seliramu kabeh anggak-anggakan sarta akeh-akehan banda dunya lan keturunan."

Mila, Nabi Ibrahim *alaihis salaam* nalika dipun perintah nyembelih putranipun Nabi Ismail menika boten namung ujian tha'at kemawon nanging ugi latihan kangge nguasani hawa nefsu utawi kepinginan dateng perkawis dunya; milih tha'at dateng perintah Gusti Allaah lan ngutamaaken Iman Islampun utawi kawon dateng trisnipun dateng ingkang Putra. Ing saklajengipun Nabi Ibrahim lan Nabi Ismail alaihimas salaam lulus lan waget ngelaksanaaken ujian saking Gusti Allaah Subhaanahu wa Ta'alaa.

Kedadosan menika kita dadosaken tuladha lan patokan kangge ngadepi sedaya masalah ingkang mawerni-werni supados kita selamet lan bagya mulya dunya akhirat.

Wonten ing Al-Qur'an Surah At-Taghaabun dipun dawuhaken:

إِنَّمَا أَمْوَالُكُمْ وَأُولَادُكُمْ فِتْنَةٌ وَاللَّهُ عِنْدَهُ أَجْرٌ عَظِيمٌ

Artinya: "Anging pestine banda-banda sira kabeh lan anak-anak sira kabeh iku fitnah (ujian), lan ing ngarsane Gusti Allaah ana ganjaran kang agung."

Syekh Wahbah az-Zuhaili ing Kitab Tafsir Al-Munir (juz 28 hal. 257) ngendikaaken bilih banda lan anak ugi bojo dados ujian. Nalika manungsa langkung kathah nuruti dunya tanpa nggatosaken Syariat utawi aturanipun Gusti Allaah lan RasuluLlah, mangka manungsa menika dados musuhipun agami Islam lan bakal kapitunan tuwin sengsara dunya akhirat. *Na'uudzu biLlaah min dzaalik...*

Mangga sedaya perkawis dunya kita lampahaken kanti netepi aturan utawi syariat ingkang sampun kita tampi saking Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu alaihi wasallam*.

Dawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu alaihi wasallama*:

أَلَا إِنَّ الدُّنْيَا مَلْعُونَةٌ مَلْعُونُ مَا فِيهَا إِلَّا ذِكْرُ اللَّهِ وَمَا وَالآءُ وَعَالِمٌ أَوْ مُتَعَلِّمٌ

Artosipun: "Elinga saktemene dunya iku dilaknat, dilaknat apa wae kang ana ing dunya kejaba eling/dzikir marang Gusti Allaah lan apa wahe kang bisa ngarahake marang dzikir iku, sarta wong kang duwe ngilmu lan golek ngilmu." (HR. Tirmidzi)

Saking dawuh menika saget dipun mangertosi bilih dzikir dateng Gusti Allaah inggih menika mangertosi perkawis ngkang leres lan sahe utawi dipun wastani ngilmu.



PANITIA MASA PENERIMAAN ANGGOTA BARU (MAPABA) RAYON V
PERGERAKAN MAHASISWA ISLAM INDONESIA
(*Indonesian Moslem Student Movement*)
RAYON BAMBOOSA SP
Alamat : Pending Lor RT 02 RW 11, Pancuranmas, Kec. Secang, Kabupaten
Magelang, Jawa Tengah
Email : rayonbamboosasp@gmail.com Tlp. 085866214989 (Ahsan)

Sakmestinipun ingkang dipun maksud inggih ngilmu Agami Islam. Mila Kanjeng Nabi dawuh bilih kita kedah tansah ngaos ngilmu sarta tansah ngamalaken kanti niat dzikir dateng Gusti Allaah.

Kanti Shalat Idul Adha, Riyaya Qurban lan nuladani Nabi Ibrahim lan Nabi Ismail *alaihimas salaam* menika, mugi Gusti Allaah tansah maringi pitulungan arupi kekiatan lan pitedah hingga kita waget nyembelih utawi mragat hawa nafsu utawi kepinginan-kepinginan kita numpuk-numpuk banda lan ngunggulaken perkawis dunya hingga kita waget ngelaksanaaken perintah-perintahipun Gusti Allaah lan nebihi awisan-awisanipun.

Mugi Gusti Allaah nglebetaken kita ing golonganipun tiyang-tiyang ingkang dipun ridhani Gusti Allaah Subhaanahu wa Ta'ala lan syafa'atipun Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu alaihi wasallama*, selamet, beja lan mulya dunya akhirat.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَعْنَىٰ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آيَاتٍ وَذَكَرُ الْحَكِيمِ.
أَقُولُ قُولِي هَذَا فَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ
إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

Khutbah II

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلَلَّهِ الْحَمْدُ

اللَّهُ أَكْبَرُ مَا ذَكَرَهُ الْمُكَرَّرُونَ، اللَّهُ أَكْبَرُ مَا حَمَدَ الْحَامِدُونَ، اللَّهُ أَكْبَرُ مَا تَقَبَّلَ اللَّيْلُ وَالنَّهَارُ، اللَّهُ أَكْبَرُ فِي كُلِّ حَالٍ وَفِي سَائِرِ الظُّرُوفِ وَالْأَحْوَالِ، اللَّهُ أَكْبَرُ مَا أَقْبَلَ التَّائِلُونَ إِلَى رَبِّهِمْ مُسْتَعْفِرِينَ، اللَّهُ أَكْبَرُ مَا تَجَلَّ اللَّهُ عَلَى عِبَادِهِ فِي هَذَا الشَّهْرِ الْمُبَارَكِ وَفِي سَائِرِ السَّهْرَوْنَ وَالْأَيَّامِ بِالرَّحْمَةِ وَالْغُفْرَانِ

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمْرَنَا بِإِفْشَاءِ السَّلَامِ وَالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدِ الْمُبَعُوتِ إِلَى سَائِرِ الْأَمَمِ وَعَلَى الْهُوَ وَصَاحِبِهِ الْمُتَّمَسِّكِينَ بِدِينِ إِسْلَامٍ، أَمَّا بَعْدُ

فَيَا عِبَادَ اللَّهِ... اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا ثُقِّيْهِ وَلَا تَمُؤْنِنُ لَأَلَا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّونَ عَلَى الْبَيْبيِ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَبِيلِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى الْهُوَ وَصَاحِبِهِ أَجْمَعِينَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، وَتَجَازِرْ عَنْهُمُ الْسَّيِّئَاتِ وَارْفِعْ لَهُمُ الدَّرَجَاتِ اللَّهُمَّ أَصْلِحْنَا وَأَصْلِحْ أَهْوَانَا، وَأَصْلِحْ مَنْ فِي صَلَاحِهِمْ صَلَاحُنَا وَصَلَاحُ الْمُسْلِمِينَ، وَأَهْلِكْ مَنْ فِي هَلَاكِهِمْ صَلَاحُنَا وَصَلَاحُ الْمُسْلِمِينَ.

اللَّهُمَّ وَحْدَكَ صُفُوفُ الْمُسْلِمِينَ، وَأَرْزُقْنَا وَإِيَّاهُمْ زِيَادَةَ التَّقْوَى وَالْإِيمَانَ اللَّهُمَّ ارْزُقْنَا حُبَّكَ وُحُبَّ نَبِيِّكَ، وَحُبَّ مَنْ أَحِبَّكَ وَأَحِبَّ نَبِيِّكَ اللَّهُمَّ ارْزُقْنَا مَتَابِعَةَ نَبِيِّكَ وَالْمَسْكُوكَ بِكَثَابِكَ وَبِسَنَةَ نَبِيِّكَ، وَلَا تَجْعَلْ مُصِيبَتَنَا فِي دِينِنَا، وَلَا تَجْعَلْ الدُّنْيَا أَكْبَرَ هَمَنَا وَلَا مَيْلَعَ عِلْمَنَا، وَاجْعَلْ الْجَنَّةَ هِيَ دَارُنَا وَقَرَارُنَا، وَلَا إِلَى النَّارِ مَصِيرُنَا

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلَلَّهِ الْحَمْدُ



PANITIA MASA PENERIMAAN ANGGOTA BARU (MAPABA) RAYON V

PERGERAKAN MAHASISWA ISLAM INDONESIA

(*Indonesian Moslem Student Movement*)

RAYON BAMBOOSA SP

Alamat : Pending Lor RT 02 RW 11, Pancuranmas, Kec. Secang, Kabupaten

Magelang, Jawa Tengah

Email : rayonbamboosasp@gmail.com Tlp. 085866214989 (Ahsan)

نَّمَ السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ